

DOKUMEN NEGARA

SANGAT RAHASIA

Nama :

Nomor :

KOP SEKOLAH

PENILAIAN TENGAH SEMESTER I SEKOLAH DASAR TAHUN PELAJARAN

Muatan Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari, tanggal : Jumat,

Kelas : II (Dua)

Waktu : 60 menit

I. Wenehana tandha (x) aksara a, b, utawa c ana wangsulan kang bener!

1. Pandhawa iku cacahé ana

- a. telu
- b. papat
- c. lima

2. Gatekna gambar!



Gambar wayang iku arane

- a. Werkudara
- b. Janaka
- c. Sadewa

3. Raden Werkudara iku satriya ing

- a. Sawojajar
- b. Jodhipati
- c. Madukara

4. Sabar lan ora seneng perang iku watake

- a. Puntadewa
- b. Werkudara
- c. Janaka

5. Garwane Raden Puntadewa, yaiku

- a. Dewi Drupadi
- b. Dewi Anjani
- c. Dewi Sembadra

6. Gambar ing ngisor iki kang awujud Raden Janaka, yaiku



a.

b.



c.



7. Pandhawa kang diarani Tangsen, yaiku

- a. Puntadewa
- b. Janaka
- c. Sadewa

8. Punakawan cacahé ana papat yaiku

- a. Semar, Gareng, Petruk, Bagong
- b. Semar, Gareng, Janaka, Sadewa
- c. Gareng, Bima, Tangsen, Petruk

9. Punakawan sing mlakune pincang, yaiku

- a. Semar
- b. Gareng
- c. Bagong

10. Punakawan sing nduweni irung mancung, yaiku

- a. Semar
- b. Petruk
- c. Bagong

11. Semar iku nduweni watak kang

- a. sopan lan sabar
- b. seneng mlesetake guneman
- c. seneng nyambut gawe

12. Gatekna gambar!



Gambar wayang iku arane

- a. Semar
- b. Gareng
- c. Petruk

13. Bagong iku anake Semar sing nomer

- a. siji
- b. loro
- c. telu

Wacanen kanthi pratitis wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomer 14 lan 15!

Kagiyatan Padinan Ambar

Jam lima esuk Ambar wis tangi turu.

Ambar banjur ngrapekake kamare.

Sawise iku Ambar ngrewangi ibune nyapu latar.

Jam enem esuk Ambar adus banjur sarapan.

Ambar budhal sekolah jam setengah pitu.

Ambar ora lali pamitan karo bapak lan ibune.

14. Ambar tangi turu jam

- a. papat
- b. lima
- c. enem

15. Jam enem esuk Ambar adus banjur

- a. sarapan

- b. sinau
- c. nyapu latar

16. Gambar ing ngisor iki kalebu kagiyatan wayah wengi, yaiku

a.

b.



c.



17. Suti seneng nyambut gawe. Suti bocah

- a. kesed
- b. pinter
- c. sregep

18. Olahraga becike dilakokake wayah

- a. esuk
- b. awan
- c. wengi

19. Sikatan nalika adus iku kanggo ngresiki

- a. rambut
- b. untu
- c. kuping

20. Ukara pitakon ing ngisor iki kang bener, yaiku ...

- a. Windi lagi nyapu latar.

- b. Ayo mangkat sekolah!
- c. Ayuk mangkat sekolah karo sapa?

21. Gatekna gambar!



Ukara kang cocok karo gambar, yaiku

- a. Rahma lagi ngrewangi ibu nyapu latar.
- b. Rahma lagi ngrewangi ibu masak.
- c. Rahma lagi tangi turu.

22. ngaji – lagi – Gani
Urutan tembung kang trep, yaiku ...

- a. lagi ngaji Gani.
- b. Gani lagi ngaji.
- c. ngaji lagi Gani.

23. Bani – maca – seneng – buku
Urutan tembung kang trep, yaiku ...

- a. Bani seneng buku maca.
- b. Bani buku seneng maca.
- c. Bani seneng maca buku.

24. Swarane bebek iku

- a. kwek-kwek
- b. petok-petok
- c. kiyik-kiyik

25. Cit-cit iku swarane kewan

- a. gajah
- b. tikus
- c. sapi

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo wangsulan kang bener!

26. Werkudara iku Pandhawa kang nomer

27. Satriya kembar Pandhawa, yaiku

28. Semar, Gareng, Petruk, lan Bagong arane

29. Anake Semar sing nomer siji, yaiku

30. Petruk uga diarani

31. Sarapan iku kalebu kagiyatan ing wayah

32. Sikat lan sabun iku iku piranti kanggo

33. Latar sing reged kudu di

34. Upacara bendera iku kagiyatan nalika dina

35. Swarane kodhok iku

III. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi bener!

36. Tulisna urutaning Pandhawa saka sing tuwa!

37. Kepriye watake Petruk?

38. Tulisna telu kagiyatanmu sawise mulih sekolah!

39. Gawea ukara pitakon nganggo tembung ing ngisor iki!

a. Sapa

b. Apa

40. Aranana swarane kewan ing ngisor iki!

a. Sapi

b. Wedhus